

TAMTAMA DALEM

Serat Woelanan Katoelik.

Taoen 10.

SEPTEMBER 1938

No. 9

Kekendelan ingkang hoten baèn - baèn.

Raga, Tenaga, Djiwakoe, dak koerbanaké,
amrih sadoeloer - sadoeloerkoe Lemoe moelja,
— ngrenggani Kraton Swarga. —

Prakara boetoehé oeripkoe, loewih, koedoe
pada arep téga, ija pantjén begdjané awakkoe.

Sinten ta poenika ? panoentoen kita Rama Pradja.

Poenapa inggih badé kelampah kapiran saëstoe ?

Prakawis poenika goemantoeng wonten

VAN LITH - STICHTING

Jejasan pandjenengan lo !!!

Dados ? ? ? kadospoendi ? ? ?

MANGGA NJATAKAKEN!!!

MESTI MAREM !!! Rerum Novarum f 0,29. Sedjarah Filipina
Kath. f 0,38. Pen. Dj. P. P. K. I f 0,10. Tatatjara f 0,10.
Èlmoe bebrajan II, III f 0,15. IV f 0,17. Toedj. Kongregasif 0,15.
Gemma Galgani f 0,18. Journ. Kath. f 0,17. Lectuur f 0,17.
P. P. K. I. dan Petietie Soetardja f 0,08. Darwinisme, Quadra-
gesimo Anno, Wanita Katoelik kalijan pakarjan mangrasoel.
Taksih badé katetepaken reginipoen. Aksi Kath. f 0,22.

REGI OBRAL !! Jén paring arta f 2,50 badé katjaosan boekoe-
boekoe poenika waoe sadaja.

JÉN moendoet dateng sècretariaat TRYUDAYA

Adrèse: **SISWASOEBRATA Segaran Djokja.**

CORRESPONDENTIE.

R. H. Wirjaatmadja Magelang, pandjenengan ndak no. 633? Arta katampi, nanging dèréng katjatet. Tengga nomer. Matoer noewoen dateng paringipoen arta abno. 1333. Sah th. 1938. No. 357 R. M. J. Sant. Padang, kagem 1939 kirang 0,25. No. 973. A. J. Soek. Benk. sah th. 1939. No. 1089 B. Sap Mal. sah th. 1936. No. 350 A. S. Rachm. Solo, kagem 1939 kirang 0,25. No. 1672 Rd. Mar. W. Born. sah th. 1939 No. 70 A. Soep. Klat. Sah th. 1937 No. 262 Nat. Dk. sah th. 1939. No. 790 G. A. Gangg. Mgl. sah th. 1938 R. M. Soed. sah th. 1939 lan matoer noewoen dateng paringipoen arta advertentie.

Saking zel. Toeri F. J. S. Dirdjaw. Sléman, arta setoran kagem abonne sadaja kirang f 1,75 kanggé th. 1938. Saking zel. Wonosari No. 749 Sah th. 1934. No. 983 No. 1079 No. 1111 sah th. 1937 lan No. 874 arta mlebet 10 ct. kanggé th. 1938. No. 883 mlebet 0,225 kanggé th. 1938 No. 1804 mlebet 0,25 kanggé th. 1938. Partasoeb. Koewon, arta mlebet 0,25 kanggé th. 1938;

Saking zel. Demak. No. 310 arta mlebet 0,10 kanggé th. 1939. No. 166 kanggé th. 1937 kirang 0,125. No. 1288 kanggé th. 1936 kirang 0,25. No. 1153 arta mlebet 0,20 kanggé ngesahi th. 1937. Ladeng No. 1560 poenika sinten ?????? Arta dèréng katjatet. Tengga oeroesan saking zelateur Demak. Go Sien lan Hr. Djabar Mgl. arta katampi noewoen. Sah th. 1938. No. 954 R. Ng. Adisoew. Mertaj. Sah th. 1939. Adres rak leres ta! No. 1423. Mej. Sal. Gandj. matoer noewoen dateng paringipoen arta kanggé th. 1938. No. 851. R. E. Kadar. Kend. paringipoen arta katampi sanget noewoen. Sah th. 1938. No. 1330 R. F. Goen. Pekal. arta katampi noewoen. Jén manoet tjaetanipoen Adm. lami, arta kirang 0,65. No. 630 C. Soem. nomer pandjenengan leres 630. Sah th. 1938. Adres oegi sampoen kagantos.

Saking zel. Tegal, kanggé No. 185 sah th. 1938, 238 oegi sah 1938. Déné nomer 257 kanggé th. 1938 kirang 0,275.

No. 955 R.C.S. Atmasoebri. S'baia. Arta 1,50 waoe saged tjekap kanggé 2 taoen, mila pandjenengan sampoen sah doemoegi taoen 1940. Wah mbok katah ingkang niroe !!!!!!!

Saking zel. Djember, kagem nomer 201 lan nomer 1641 sah th. 1939. Déné nomer 295, 893, 933, 776. 700 poenika sah doemoegi December th. 1939. Matoer sanget noewoen.

KLEERMAKERIJ
,,DWIDAJA”
P. K. SOEMAATMADJA
JOEDANEGARAN 92 — DJOKJA.

Pekerjaan ditanggoeng
LEKAS
BAIK
NETJIS
Pengoeroes.

Taoen 10.

No. 9.

TAMTAMA DALEM

SERAT WOELANAN KATOELIK.

Adres Red. lan Adm.

XAVERIUS-COLLEGE
MOENTILAN N. I. S.

Arta lengganan namoeng

f 0,75 saben taoen.
Kedah kabajar roemijin.

Canisius Dk. 413 — 38.

„Domine, salvam fac reginam nostram“

„Moegi dinirgakna ingkang joeswa saha tansah rinoban sihing Kang Maha Agoeng“.

Inggih poenika ingkang dados atoer pamoedjinipoen sadaja kadang Katholiek ing nalika Kangdjeng Sri Maharadja tetep kawandasa taoen anggènipoen ngasta pradja.

ANGGILOET KASAMPOERNAN.

SALEBETING KASANGSARAN.

- I. 1. Akoe iki kodjoer, salin-salin baé kasangsarané.
 2. doedoe mestiné akoe nemoni kasangsaran kang saméné.
 3. awit doedoe loopoetkoe, karepkoe betijk banget.
 4. Oepama sing gawé mangkéné iki doedoe Sapanjana mono, meksa bisa, koewat njandang akoe, nanging bareng dèwéké?
- II. Panggas.
 1. Goesti ngandika: kasangsaranira rak doeroeng nganti te-kang noentasaké getihira (Heb II).
 2. Kawontenan makaten poenika wonten ing donja sampoen limrah, dndos sampoen goemoen, lan jén nglampahi poenapa poenapa tansah kanitia manah rangkep, amrih sampoen kagét lan nglokro.
 3. Kasangsaran poenika alad-alad oetawi tjetjalaning makoeṭa.
 4. Jén ngarah makoeṭa abjor—kedah wani sangsara saestoe.
 5. Kasangsaran ingkang saestoe poenika ingkang lepat saking gagasan.
- III. Poetoesan.
 1. Abdi ingkang setya anggènipoen nglampahi ajahaning benda, boten mawang dateng gandèk ingkang ngemban da-

woeh, nanging namoeng tansah ènget „nglampahi dawoeh Dalem.”

2. Makaten oegi anggèn kita nglampahi ajahan „ndèrèk sangsara”, boten mawang ingkang ndamel sangsara, nanging namoeng tansah ènget „dawoeh Dalem ndèrèk manggoel Salib.

PISEGAH WOELANAN. MOELJAKAKEN DINTEN WIJOSAN DALEM DÈWI MARIJAH.

MÈNGETI RIJAJANIPOEN S. PENGAJOMAN.

Nglebetaken raos Katoelik.

Kados poenapa kémawon kawontenan Dalem Goesti Allah, saha sapinten tjingaking para Malaékating Swarga nalika manoengsa wiwitinan nglampahi dosa!

Toehoe lelampaahan ingkang damel geter, damel miris, awit Goesti Allah sampoen ngandika: „Menawa sira mangan wohing wit iki, sira bakal mati.”

Krama poetesan Dalem ingkang tanpa wangenan Pandjenenganipoen priksa, bilih dosa waoe baclé mbekta boentoet pandjang toer awrat, sarta priksa oegi bilih Pandjenenganipoen baclé kapeksa noetoep korining Swarga. Sapinten gerahing penggalih Dalem nalika ndawahaken poetesan lan matrapaken paoekoeman!

Kaadilan Dalem kedah toemindak. Nanging katresnan Dalem dateng manoengsa ingkang ing wekdal Bapa Adam lan Iboe Kawa nglampahi dosa kados déné perang, oenggoel djoeritipoen. Awit Goesti Allah djedjer ingkang II, inggih Allah Hjang Poertra nempahaken Saliranipoen minangka koerban kanggé tjaos pepoelih koendjoek ingkang Rama, sagah nandhang sangsara ingkang tanpa wates kanggé lilintoening paoekoeman langgeng ingkang pantjénipoen kedah kasanggi déning Bapa Adam lan Iboe Kawa satoeroen - toeroenipoen. Margi ingkang mekaten waoe, oekoeman ingkang pantjénipoen langgeng dados kawatesan.

Sabakdanipoen neda „wohing wit awisan”, kawontenanipoen Bapa Adam lan Iboe Kawa; isin, goemeter; badanipoen ndrodog, soekoe lan tanganipoen ngoplok; sirahipoen toemoengkoel, tanganipoen katoetopaken ing rai. Tijang kekalih sami nengga dawahing poetesan saking Allah Goestinipoen

Del, Pangéran ngandika dateng sawer: „Ingsoen bakal akar-ja memoengsohan ing saantaranira lan saantaraning wanoda, ing saantaraning widjinira lan widjiné, „apadéné dèwèké bakal anggetjek ndasira.”

Pangandika ingkang ngrespaken! Wewetjan ingkang pait kilang! Glong, bolong, èntèng raosing manahipoen Bapa Adam lan Iboe Kawa, kados itjal gémbolanipoen ingkang ngawrat-awrati. Tjes, kados siniram ing „banjoe wajoe sawindoe”. Ba-

danipoen ingkang soewaoe tjaraa taneman makaten: aloem, toe-mijoeng, samangké katingal radi seger, ndjenggélèk, tangi, toemenga. Sanadyan wiwit nalika semanten mangertos kados poendi baclé gesangipoen, éwadéné manahipoen ageng, djalaran gadah pangadjeng-adjeng dateng Sang Paneboes, gadah minggah Swarga.

Sang Paneboes! — Goesti Allah Poertra baclé nandhang sangsara perloe neboes dosaning manoengsa! — Kados poendi kelampahanipoen?

Goesti baclé mandjalma manoengsa. Goesti baclé milih Iboe ingkang pantes, Iboe ingkang sadjadjar kalijan ka-Allahan Dalem.

Sinten ingkang pinilih tjalon djoemeneng Iboe?

Kados banj - bang wétan ingkang mratjihnni bilih soerja baclé djoemedoel perloe madangi djagad lan soeka gesang dateng sadaja titah, samanten oegi pradjandjian - pradjandjian Dalem Goesti Allah ingkang kapangandikakaken lantaran para Leloe-hoer lan para Nabi mboektekaken baclé mijosing Sang Kenja lan rawoeh Dalem Sang Pamarta. Nabi Isaías metja menggahing Sang Kenja: „Sang Kenja bakal nggarbini lan mbabar Poertra Kakoeng.” Darahing sang Praboe Dawoed dados pandengan lan pangadieng-anjenging para bangsa pinilih.

4000 taoen sasampoenipoen Leloehoer kita Bapa Adam toewin Iboe Kawa doemawah ing dosa, Wanodya ingkang kasagahaken wonten ing Pirdoes mijos wonten ing tanah Paléstinah. Wanodya poenika inggih Kenja Dèwi Marijah Wanodya peettinginan Widdi. Wanodya ingkang pinilih Iboe déning Sang Kristoes, Wanodya ingkang ndèrèk neboes djagad, Wanodya ingkang djinoendjoeng dados Pramèsvari Dalem Allah Hjang Roh Soetji, Wanodya ingkang sadjiwa-raganipoen kainggahaken Swarga, Wanodya ingkang kadjoemenengaken dados Ratoe Poetrining Swarga: angratoni para Malaékating Allah toewin para Soetji sadaja.

Ing woelan poenika dawah tanggal 8 Sèptèmber, Pasamoe-an Soetji mèngeti rijadi mijos dalem Dèwi Marijah lan ngidoeng: „Rahajoe Pandjenengan dalem Iboe Soetji ingkang mbabar Poertra Kakoeng ingkang ngeréhaken boemi-langit ing salami-laminoipoen.”

Ing dinten poenika ing Swarga goemjah soerakipoen para Kéroebin lan Sérafin toewin para Soetji, sadaja mangajoebagja, sadaja asoeka pari soeka moeljakaken dinten wijosan dalem Sang Ratoe Poetri.

Kados déné ratoe ingkang ngwontenaken bodjana kagem mèngeti dinten wijosanipoen, ingkang ingatasipoen tijang sakraton roemaos begdja pijambak, djalaran kedjawé roemaos taksih pinaringan pandjang ing joeswa inggih margi ginarebeg ing para poetra-santana, sinowanán ing para mantri - boepati - najaka, semanten oegi Kg. Iboe ing dinten wijosan dalem waoe manoet raosing kamanoengsan kita kados-kados sa-Swarga begdja pi-

jambak. Ing dinten poenika panggalihipoen saweg moeroeb-moe-roebipoen ing katresnan. Ing dinten poenika saweg blaba-blaba-nipoen.

Poenapa ingkang kita sesoewoen dateng Kg. Iboe ing woelan poenika?

Lebeting raos Katoelik wonten ing brajat kita. Roema-soeking gesang Katoelik wonten ing baloeng-soengsoem kita.

Kados poendi kelampahanipoen?

Srana mèngeti dinten kelahiran kita oetawi rijajaning Santo (Santa) pangajoman kita lan pangajomaning anak sémah kita.

Poenapa kita gadah dinten kelahiran? Poendi ta dinten kelairan kita poenika?

Dédé dinten wiwit kita soemerep pađang-hawa, nanging dinten lair kita ingkang kaping kalih: lair ngoengkoeli kodrat, inggih lair kita wonten pangkoning Iboe Pasamoean Soetji krana dajaning Sakramèn Baptis.

*)(Kalimrahanipoen tijang poenika manawi kabaptis kaparingan pangajoman: i.p. kaparingan asmaning satoenggiling Santo oetawi Santa. Santo (Santa) waoe ingkang pinèngetan dinten (tanggal) mijos oetawi sédanipoen. Modèlipoen djaman samangké baji ingkang mentas lair, manawi kabaptis ladieng kaparingan pangajoman: Santo (Santa) ingkang péstanipoen dawah ing dinten kelairanipoen baji waoe. Inggih dinten poenika ingkang prajogi kita pèngeti.)

Ing dinten poenika kita sabrajat wadib matoer noewoen dateng Pangéran. Ing dinten poenika ingkang tjelak gréđja sa-saged-saged ndéréka Mis lan nampi Panoenggal soetji sesarengan minangka tandaning atoer panoewoen lan kanggé rahadjenging badan toewin soekmanipoen ingkang pista. Ingkang tebih gréđja sembahjanga miroenggan kanggé matoer noewoen dateng Goesti lan kanggé njembahjangken „sekar oetawi ratoening grija ing dinten poenika” i.p. ingkang pésta. Ing dinten poenika sami-sami tijang sabrajat, ingkang mèngeti rijajanipoen roemaosa begdja pijambak loemèber sagarwa-poetra oetawi sarama-iboe. Ing dinten poenika ingkang pista kabingahna oetawi kaparingana bebingah, kanggé ngindakaken lebeting pangangen-angen lan pangraos.

Wasana srana nindakaken padatan saé waoe kita gadah pangadjeng-adjeng: sageda langkoeng gampil nindakaken padatan-padatan oetawi raos-raos Katoelik sanèsipoen.

ATOENGGIL RAOS KALIJAN PASAMOEAN SOETJI.

(*Sentire cum Ecclesia*)

8 September. Wijosan dalem Dèwi Marijah.

„Moenggoeh iboekoe ikoe ora ana! . . . Akoe ja mesti ora ana, doedoe apa-apa . . . Moenggoeh Iboe Marijah ora

ana! . . . Ja ora pepoetra Goesti Jésoes . . .”

Menggah Dèwi Marijah boten wonten, Goesti Jésoes inggih boten wonten (poenika manoet pétangan manoengsa!), boten wonten ingkang neboes koela . . . Boten wonten toja baptis mili ing bađok koela. Boten wonten imam ingkang ngapoenten dosa koela . . . Boten wonten Panoenggal Soetji, Goesti se-singidan awarni roti.

Kados poenapa warni koela tanpa Goesti Jésoes, poetra ning Kenja. Dèwi Marijah . . . Waringin ageng, singoeb peteng bađé koela tjelaki . . . badan ndredeg . . . tangan goemeter . . . Prek, ngadep ngapoerantjang, njembah Kadjeng . . . doea koemeboel . . . „Njoewoen soegih, njoewoen batih, njoewoen dradjad, njoewoen nikmat, njoewoen menang lawan mengsaah . . .” Poenika kawontenan koela tanpa Iboe Marijah.

Mater Dei, Mater mea, Iboening Aljah, ja iboekoe.

Toedjoenipoen iboe mijos, wonten Iboe ingkang maringaken ingkang Poetra dateng kita, perlöe neboes koela, nglowari koela saking pepetenging djagad, saking kratoning sétan . . .

„Toedjoenipoen Pandjenengan wonten. O Iboe; toedjoenipoen Pandjenengan paring: Ingkang neboes koela . . . Menggah boten, kados poenapa badan koela. Soemangga! poenika manah koela pandjenengan poendoet, dadosa tjetjaos moerni ing dinten wijosan dalem.”

12 Sèptember: Rijaja Asma dalem Dèwi Marijah.

Kala taoen 1683 woelan Sèptember tanggal kaping 12 Jan Sobiesky saged ngawonaken bangsa Toerki ingkang bađé nglebeti kita Wenen perloe njebar widjining agami Toerki ing tanah Éropah. Njebatipoen para pradjoerit tansah namoeng asma dalem Dèwi Marijah.

„Marijah!” jén ngetjoelaken mimis.

„Marijah!” jén kataman ing dedameleng mengsaah.

„Marijah!” jén pepantan medal sesarengan saking bêteng perlöe ngedjègi mengsaah katlompèn.

„Marijah!” jén oengeling sasangka kapradjoeritan ngadjak madjeng.

„Marijah!” Sareng gebraging kapal ambal-ambalan, noetoeti pladjeng mengsaah kawon . . .

Asma dalem Dèwi Marijah ingkang pinoedji, asma dalem Dèwi Marijah ingkang ngloewari.

Peperangan koela boten béda kalijan perangipoen kita Wenen mensah bangsa Toerki. Mengsaah koela tetiga ing warni, tetiga ing roepi: sétan, donja toewin daging. Sétan sampoen ginjetek sirahipoen déning Kenja Dèwi Marijah; donja sampoen kawon ing kaloehoeran kalijan Sang Kenja. Dèwi Marijah, margi sampoen kagoengan ingkang akarja kaloehoeraning 'alam éndahing djagad, Hjang Allah-Manoengsa; daging pinesoe ing Sang Kenja

Dèwi Marijah, Iboening Allah, saking koewasanipoen Hjang Roh Soetji.

Milanipoen „Marijah!” jèn dipoen-goebet ing panggoda, Marijah!“ jèn ginoebet ing reribet, „Marijah!” Salaminipoen gesang „Marijah!” ing swarga loehoer.

15 Septèmber: Kasekelan Dalem Dèwi Marijah pitoeng prekawis.

Kasekelan dalem Dèwi Marijah pitoeng prekawis poenika sampoen dangoe anggènipoen kamoeljakaken. Ingkang anda-woehaken I. S. Kangdjeng Santo Bapa Pioes VII. Kasekelan Dalem pepitoe poenika:

1. Wewatjanipoen S. Siméon.
2. Ngoengsi dateng Mesir.
3. Sang Poetra ngantoen wonten ing Padaleman Soetji.
4. Sang Dèwi pinanggih ingkang poetra manggoel salib.
5. Hyang Poetra séda.
6. Hyang Poetra kaedakaken saking Paméntangan.
7. Sri Jésoes kasarékaken.

(Tamtama Dalem, Februari '38.)

ndérèk bingah kalijan Pasamoean Soetji poenika sampoen sok tijanga Katoelik nglampahi kanti agenging manah. Menawi Iboe kapoendoet dateng swarga (15 Agoestoes), ndérèk mis ageng soemerep gréđja dipoenpadjang saé, bingah, sembahjang inggih kraos bingah, wasana sesoewoenan medalipoen inggih gampil. Déné menawi andérèk soesah poenika kok kraos boten sekétja; manah dipoenadjak soesah, ngraosaken sekeling Pasamoean Soetji poenika boten poeroen.

Pantjén gampil ndérèk bingah katimbang ndérèk soesah. Nanging kalih-kalih kedah koela enggèni, djer poenika tanda jekti ageng kanggéning katresnan koela dateng sintena kémawon. Tanggal 15 poenika Pasamoean Soetji ngémoetaken kita, anggènipoen sekel Iboe kita Dèwi Marijah: kasekelan dalem Dèwi Marijah 7 warni.

Kasekelan poenika waoe boten sanès inggih namoeng margi saking anggènipoen ambélani ingkang Poetra ingkang nanđang kasangsaran perloe neboes kita. Menawi kita ndérèk soesah ngraosaken kasekelan dalem inggih sampoen samestiniopoen.

Mila manawi koela ngiboe éstoe dateng Dèwi Marijah, kedah ndérèk soesah, ndérèk ngraosaken kasekelan dalem, matoer noewoen déné Dèwi Marijah sampoen karsa nanđang kasekelan ingkang samanten krana koela.

„O Iboe, penoeh kasekelan, kasoesahan koela sadaja sageda kondjoek pandjenengan dalem. Sageda sabar anggèn koela njanggi.

H. Wasita.

SOENGKEM DATENG TYAS-DALEM SRI JÉSOES MAHA SOETJI.

KASAGAHAN II.: BRAJATÉ BAKAL TAKWÈ-NÉHI TENTREM.

Para mitranipoen Tamtama - dalem temtoenipoen sampoen naté soemerep gambar Brajat minoelja Nasarèt: Sang Timoer djoemeneng ing saantawisipoen ingkang Iboe lan Rama Gambar-dalem. Wah, gambar menika sadjatosipoen gambar saé sanget, para sadérèk. Saénipoen waoe boten kok mergi poelasanipoen nges, boten kok mergi gambar waoe ketingal gesang, boten, nanging saénipoen gambar waoe langkoeng² mergi isinipoen, mergi prelambangipoen. Gambar waoe gambaripoen Brajat Minoelja Nasarèt, nanging oegi ngiras dados prelambangipoen brajat Katholiek sadjatos, inggih menika brajat ingkang banda lan kasoe-gihanipoen, ingkang angka satoenggal margi kaselak katenggan ing Goesti, margi Goesti noenggil ing brajatipoen.

Brajat Nasarèt brajat tentrem, ajem, begdja sadjatos, awit Brajat Nasarèt waoe soetji, malah soetjining soetji. Brajat Katholiek menawi kepéngin tentrem inggih kedah ngoedi sagedipoen soetji, awit katentreman menika peparingipoen G. Allah, déné G. Allah boten badé maringaken katentreman dalem dateng brajat ingkang batihipoen taksik kaloeloet ing dosa. Wondéné sagedipoen soetji, brajat Katholiek kedah amboedidaja amrih saja dangoe saja mindaka tjalak, mindak raket kalijan Goesti, saja langkoeng ngèmperi Brajat Minoelja Nasarèt.

Nanging..... kados poendi baja pratikelipoen amrih brajat Katholiek saja katjelak ing Goesti? Menapa srana nglebetaken (ndjerokaké) kawroehipoen agami, sregep mirengaken woetjalan, tlatos maos boekoe oetawi karang-karangan ingkang ngemot djéréngan prekawis gesang ngibabadah; kala² merlokaken toemoet retraiate; ngemen-emenaken anggènipoen migoenakaken srana² toemoeroening sih, langkoeng² Sakramèn Pangakening dosa lan Sakr. Maha Soetji? Menapa menika srananipoen amrih saged soetji, saged katjelak ing Goesti, saged tentrem? Mila pantjén inggih menika srananipoen, awit sepisan: saja lebet lan saja terang pangertos kita dateng agami lan dateng oelah pangibabadah, temtoe oegi ladjeng saja soeda oewas soemelang lan tiđa² kita, saja langkoeng tatag anggèn kita loemappah ngener dateng soewarga. Tijang mlampah menika menawi merginipoen peteng, temtoe boten teteg manahipoen, tansah melang², mangké gék ketoemboek-toemboek, ketjemploeng kalèn, midak sawer, oetawi apesipoen mangké gék kepenjak..... Tjekakipoen sampoen ta, dateng manah temtoe boten sekétja. Béda kalijan merginipen padang kaṭah lampoenipoen, mlampah langkoeng wonten ingri-koe inggih ngglédèg kémawon! Lah ingkang minangka dilahipoen mergining gesang kita inggih menika boedi pikiran kita. Nanging

boedi pikiran kita waoe inggih taksih betah pepadang, déné angsalipoen pepadng inggih menika saking kanjataan, inggih piwoelang-Dalem Hjang Maha Njata. — Kaping kalihipoen : margi sregep migoenakaken srana² toemoeroening sih Dalem, karohanèn kita dados saja mindak kijat, mlampah boten gampil kraos kesel, lesoe kirang krekat, boten badé ladjeng kepeksa mandeg mergi. . . Pramila srana² ingkang katjeña ing nginggil waoe sadaja pantjén srana ingkang wigatos saëstoe, anggampilaken pangoedi kita dateng kasoetjian. Saben tijang katholiek wadjib sregep migoenakaken. Sintena ingkang kendo oetawi kesèd migoenakaken srana² waoe, boten dangoe temtoe badé nemahi kapitoenèn ageng; sintena ingkang ngemen-emenaken temtoe badé metik wohipoen ingkang miraos !

Éwasemanten srana² kasebat nginggil waoe toemrap brajat Katholiek, soepados saged amengkoe lan ngraosaken katentreman, dèrèng njekapi, taksih wonten gołangipoen, kedah taksih d poentambahi srana sanès poen malih, inggih menika batihipoen sadaja, bapa bijoeng lan anak, kedah oegi tlatos anliti angga pribadi, andjlimet watak kelakoehanipoen pijambak², mbedoli srompod, noetoehi kemladéjan, menapa malih tlatos andangir ngra-boeki lan njirami tetoewoahan ingkang saé. Temboengipoen sanès : sregep merangi tjatjad² lan tjirining kelakoehanipoen pijambak lan tlatos anggegoelang kaoetamèn. Déné tjatjad ingkang koela kadjengaken ingriki waoe inggih menika langkoeng² tjatjad ingkang gampil saged ngonggréh - onggréh oetawi agengipoen mbibrahaken katentremaning brajat. Kosok wangsoelipoen kaoetamèn ingkang saged ngindakaken lan njantosakaken soepeketipoen tijang sabrajat, lau inggih dados tetangsoel lan pikekahing katentremanipoen.

Koela namoeng badé ndoemoek tjatjad lan kaoetamèn sawatwis, oepami: watak kasar, brangasan, ambeg dakwenang, ngedir-ediraken sarta koemawasa, sedaja menika waoe temtoe gampil noekoelaken dredah lan predongdi ing salebetipoen brajat. Watak kita ingkang kados makaten waoe kedah kita perangi, kita kawonaken, kita teloekaken. Émoeta dateng toelada-Dalem Goesti pepoendèn kita, katja benggala kita: Sri Jésoes jén ngendika sarta jén paring piwoelang tansah kanì lembah manah, déné solah tingkah-Dalem tansah sarwa aloes mrakati, pramila Goesti inggih sanget andemenakaken toemrap saben tijang. Goesti prijadi sampoen naté ngandika: „Akoe tiroenen, awit akoe lembah manah lan andap-asor. Jén mengkono kowé mestí bakal nemoë tentrem.” — Watak ketaha, malak, kesangeten pados étja-sekétja lan senengipoen pijambak, ngantos njoepékaken anak - sémah, tijang awatak mekaten waoe inggih djalera inggih èstria temtoe mbibrahaken katentremaning brajatipoen. Menawi kita roemaos gađah watak kados mekaten, kita wadjib boten kendel² sadérèngipoen watak njenjengit waoe kita bedol, kita boetjal tebih sadjawining brajat kita. Tyas-dalem Sri Jésoes, ingkang kedah sa-

mi kita toelad: Saking goenging tresna-Dalem ngantos karsa nglebeti ngoerbanaken salira, séda krana manoengsa. Salib ingkang toemantjep ngadeg ing sanggingilipoen Tyas dalem, sarta latoe ingkang moebal moeroeb medal saking Tyas-dalem waoe soeka panggoegah dateng para batihipoen brajat Katholiek amrih samija tresna - tinresnan saëstoe ngantos boten mawi monggamgroe, kanì éklasing manah wantoen njoepékaken badanipoen pijambak, ngoerbanaken étja-sakétja lan kasenenganipoen, moerih sageda mong-ingemong lan njenengaken batihipoen.

Nanging sarèhné ing donja menika boten wonten barang ingkang sampoerna saëstoe, lan kita sadaja tan kenging boten kala² temtoe badé angsal sesandoengan kabekta saking kasekéngan batih kita pijambak, pramila kita oegi kedah tansah ngegoengaken kasabaran. Kados poendi ta pangrengkoed-dalem Goesti dateng para moerid-Dalem ? Tyas-dalem penoeh palimirma, dateng kalepatanipoen, sanget sabar lan ngloemoehi tjatjad-tjatjadipoen. Mekaten oegi kita, kedah tansah sabar draña lan ageng pangemong kita dateng batih kita. Jén kita nglampahi mekaten, brajat kita temtoe badé manggih banda ingkang presasat tanpa wangenan aospoen, inggih menika katentreman.

Minangka panoetoeping rembag, koela taksih badé matoer sekédik nanging wigatos sanget, inggih menika : sampoen nginten bilih anggèn kita amboeboedi srompod-srompod ng kelakoehan kita lan andeder widji kaoetamèn waoe tjekap namoeng ing salebetipoen setaoen kalih taoen, o boten tjekap, awit tjatjad ingkang sampoen kita teloekaken menika waoe embèn wingking temtoe badé ndjedoel malih. Kados oepaminipoen kambengan, dipoen-boeboedana ambal kaping pinten kémawon temtoe taksih badé töekoel malih, amargi bonggolipoen taksih. Mekaten oegi bonggoling tjatjad² kita, inggih menika kodrad kita kamanoengsan pijambak. Margi dosanipoen bapa Adam lan iboe Kawa kodrad kamanoengsan waoe !adjeng namoeng tansah toemeloeng kémawon dateng piawon. — Widji kaoetamèn kasebat inggingil oegi dèrèng tjekap menawi namoeng kita deder, kita ipoek² lan kita sirami ing salebetipoen sawatwis wekdal kémawon, awit sadangoenipoen kita gesang ing donja ngriki widji waoe oegi dèrèng saged kalis babar pisan ing ama lan sesakit werni² ingkang moeroegaken geringen. Tjekakipoen koela atoeri tansah ngèmoeti tetemboenganipoen tijang moersid Job menika : „Militia est vita trominis super terram : oeripé wong ing donja ikoe perang oepamané.” Perang mengsa tjatjad-tjatjadipoen pijambak, perang mergi badé ndeder kaoetamèn. Leres sanget pangandikanipoen padoeka Thomas à Kempis, ing boekoe Napak tilas pada-dalem S. Kristoes: „Jén pendak setaen akoe adjegan bisa ngalahaké tjatjadkoe sidji waé, wah bakal gelis dadi wong sampoerna akoe!”

Dados sampoen tjeta, bilih badé soetji menika boten gampil nanging sampoen ladjeng ngllokro, ingkang kendel, ingkang tagtag kémawon. Sri Jésoes sampoen njagahi dateng para tijang

ingkang ageng soengkemipoen dateng Tyas-dalem Maha Soetji: „Brajaté bakal takwènèhi tentrem”. Ingkeng ageng pitados pan-djenengan dateng Tyas-dalem waoe. Tyas-dalem temtoe badé ngloebéraken sih pitoeloengan-Dalem soepados kita sage datansah panggah merangi ngwontenaken lan neloekaken sedaja roebéda ingkang ngrisakaken katentreman, menapa malih oegi tansah anggregoet anggegoelang sadajuning kaoetamèn, ingkang dados tetangsoel lan pikekahing katentremanipoen brajat kita.

Pangènmoeda.

Poenapa kita saged soetji?

Kita katitahaken moerih pados kabegdjan, sampoen dipoen gadang warisan, kamceljan linangkoeng inggih poenika Swarga; kanggé ngarah warisan poenika kita kedah resik soetji.

Para Soetji sampoen paring toelada, woedjoed pakarjan warni-warni ingkang kedah d'poenlampaahi sinten kémawon ingkang kepéngin soetji! Soetji poenika kados poendi ta?

Soetji poenika tijang ingkang gesangipoen tansah damel renané Pangéran ingkang Maha Soetji, dados kénging katemboeng-aken tijang ingkang sanget katesnanipoen dateng Goesti Allah.

Tijang tresna dateng Goesti Allah poenika kados pcendi?

Langkoeng seneng lan adreng ngadep Goesti tin'bmag wonten ing donja, senadjan kebak kasenengan; kasenenganing donja kaanggep mekewedi lan damel soesah.

Jén boten ngadep sadjam kémawon, roemaos kangen dateng Ratoe Goestinipoen.

Poenapa ladjeng sembahjang . . . kémawon soepé njambonet damel soepé neda. O boten, djer boten mekaten poenika kersa Dalem Goesti Allah.

Toemrap para tresna ing Pangéran pantjén saja soepé dateng awakipoen pijambak, soepé neda, kirang tilem, boten kober seneng-seneng, boten wonten wekdal kanggé ngaso, ngasonipoen namoeng menawi sembahjang.

Mitraing Pangéran (Para Soetji), tansah nindakaken padamelan èntèng sarta ingkang awrat kanggé kalohoeraning Pangéran.

Satindak-tandoekipoen neða tilem, goemoedjeng, ngloetjoe, maos, tindak-tindak, memoelang tansah memoedji dateng Goes-tinipoen.

Lo kok saged mekaten poenika kados poendi?

Poenapa para Soetji poenika kamanoengsanipoen sampoerna sanget.

Saking panginten koela kok inggih sami kalijan kita.

Poenapa dipoen paringi sih katah sanget déning Goesti Allah; koela kinten inggih boten, sih ingkang kaparingaken dateng para Soetji, sami kalijan ingkang kaparingaken dateng kita; awit Swarga rak kagaðangaken dateng sedaja manoengsa, mangka tanpa sih Dalem manoengsa boten badé saged ngantjik wonten ing Swarga.

Sih Dalem toehoe tanpa wates, kaparingaken dateng sadaja tijang ingkang njoewoen, saja mantep panjoewoensipoen, saja katah anggènipoen maringi.

Dados jén makaten kita poenika rak inggih saged soetji, jén poeroen.

Nanging temboeng koela waoe jén dipoen titi, toentoeng kaoemoekan; nanging menawi kagandèng kalijan katrangan ingkang sampoen boten nama oemoek, awit sagedipoen Soetji waoe krana Sih Dalem Goesti ingkang tanpa wates waoe.

Kanggé nggajoeh kasoetjian kita preloe njoemerepi kawon-tenan kita, ateges kita kedah niti priksa lelampahan kita.

Oepami?

Apa akoe sok sembahjang?

Apa enggonkoe sembahjang teroes ing ati?

Sapira soewéné oléhkoe sembahjang?

Apa enggonkoe sembahjang kanti oermat?

Jén noedjoe seneng oetawa soesah, rekasa apa ija sembahjang?

Apa sembahjangankoe toemrap akce déwé, sedoeloer, wong lija, Pasamoean Soetji, soekma-soekma ing geni pangresikan, moengsoeh?

Apa moeng njenjoewoen, apa memoedji, apa matoer noewoen, apa kabéh ikoe?

Apa jén pinoedjoe sembahjang ora mikir prakara lija?

Lan sanès-sanèsipoen.

Lah jén priksa kekiranganipoen ladjeng dipoen djangkepi lan dipoen saékaken dados saking sakedik anggènipoen sembahjang saja pantes, saja damel renaning Pangéran.

Bab panganggoné pantja drija.

Apa akoe nganggo mripatkoe sabeneré? apa ndeleng sing saroe, sing djenes, sing ndjalari dosa l.s.s.

Apa ngroengokaké temboeng-temboeng sing saroe, sing kasar, pangalem, panatjad.

Apa ilatkoe moeng tansah ngrasakaké nikmating panganan, nganti jén ora kabeneran djalari kanepson 1.1.1.

Apa akoe seneng ngrasakaké nak-kepénaking badan, nganti nglakoni dosa, apa gawé laraning badan kanggo ngloehoeraké Pangéran l.s.s.

Sadaja waoe kedah katiti priksa salebet-lebetipoen, ngantos boten wonten ingkang kelangkoengan, poendi ingkang awon dipoen itjali, ingkang saé dipoen ladjengaken lan dipoen tikeli. Taksih katah toenggilipcen, poenika namoeng toentoonan sawatwis amrih tjeñanipoen.

Sinten ingkang poeroen nindakaken mekaten, saja dangoe saja itjal tjetjad-tjetjadipoen, saja tebih dateng watak kewan, tebih dateng hawa nepsoe dados manoengsa ingkang resik.

Menawi teroes nindakaken mekaten mestí saja njelaki dateng kasoetjian.

MANOENGS A SADJAGAD PASRAH DATENG DÈWI MARIJAH.

— Rama Garrigou - Lagrange O. P. nggijaraken pemanggih wonten ing kalawarti „Gesang Karohanèn”; soeraosipoen: sangat kapasang-jogi, menawi djagad menika pasraha dateng Dèwi Marijah, Iboening manoengsa sadaja.

— Rama waoe ngandika, menawi ageng-ageng bebaja ing djaman samangké menika doemoenoeng wonten ing „Kommoenisme” ingkang soemrambah ing poendi-poendi. Goesti Allah lan gesang ing tembé-ngakir dipoen-sélaki; dladjading manoengsa, loehoering gesang bebrajatan lan tanah woetah-rah dipoen-itjak-itjak. Pengalaman-pengalaman ing tanah Spanjol ingkang mentas kelampahan ing taoen kepengker menika, soeka sasmita klajan tjeṭa, menawi Kommoenisme waoe soemedya nekem tn. Eropah; soemedya ngwontenaken èra-èroe ing saloemahing djagad; malah manoet pretjékanipoen sekoeṭon-Panjamah-Allah, kedah saged miṭes Agami-Kristen lan sawarnining agamisanèsipoen.

— Boten botenipoen ta, jèn djagad menika sageda tentrem, menawi tanpa katentreman ing dalem batin. Sagedipoen kaleksanan mekaten, namoeng srana wangsoel malih soewita Goesti Allah, lan njantosakaken Kraton Dalem Sang Kristoes wonten ing manahipoen.

— Sagedipoen mangsoelaken soekma-soekma katriwal dateng Paneboes sawidji-djati, menika boten wonten rékanipoen malih, kedjawi njoewoen pitoeloengan Dalem Dèwi Marijah. Awit Pandjenenganipoen menika rak djoemeneng Lantaran lan Iboening manoengsa sadaja. Jèn wonten soekma setoenggal-kalih ingkang badé nemahi tjilaka langgeng, sami koela pasrahaken dateng ngarsanipoen Sang Dèwi. Saja malih toemrap bangsa-bangsa Kristen, ingkang njimpang saking margi leres, rak sampaen mestinipoen kapasrahaken dateng Pandjenenganipoen.

— Dèwi Marijah, Pepetinganing para Kenja Soetji, menika ngagem sadaja katijasanipoen, noewoen inggih kanggé mangsoelaken soekma-soekma dateng ngarsanipoen ingkang Poetra. Déné Sang Kristoes pribadi kersa dados Lantaranipoen manoengsa sedaja, perloe ngirid soekma-soekma dateng ngajoenanipoen ingkang Rama.

— Nalika soegengipoen, Dèwi Marijah djoemeneng wonten ing Ngandap salib, ngoerbanaken ingkang Poetra moerih karahdjengan kita sadaja. Margi poepoeling koerbanipoen Sang Dèwi lan koerbanipoen ingkang Poetra, Pandjenenganipoen ladjeng toemoet dados Paneboesing djagad.

— Saséda lan samrékrad Dalem Sang Kristoes, Dèwi Marijah nenoewoen, moerih Kraton Dalem Goesti Allah kawradin-aken para Rasoe, soemebar saloemahing djagad. Salebetipoen makarja lan nandang roebéda, para Rasoe sami roemaos nampi pitoeloengan ageng saking Sang Dèwi; djalaran Pandjenenganipoen mikantökaken pepadang, katresnan lan kasantosan. Margi agenging katresnan Dalem dateng para soekma-soekma, para Rasoe sasat katoemoesan angsal pametjoet.

— Sareng Sang Dèwi sampaen pinoenqoet dateng Soewarga, panewoenoenipoen malah saja moestidjab. Amila mekaten, djalaran medal saking penggalih ingkang katresnanipoen dateng Pangéran miwah para soekma-soekma boten naté kangge sakeḍik-kedika.

— Kadarmen lan katresnan Dalem Sang Dèwi dateng para makloek, menika rak tikel-tekoek katimbang katresnaning para Soetji.

— Salebetipoen manggih èwed-pakèwed ngoedoebilah ing djaman samangké menika, doenoenging kasektèn kita namoeng wonten ing sembahjanganipoen Sang Dèwi, Iboening manoengsa sadaja.

— Menawi Sang Dèwi sampaen kersa nglantaraken panjewoenoen, sadaja raos pradongdi lan tjrāh: toemraping tijang sami tijang, golongan sami golongan sarta bangsa sami déné bangsa, mesti sirna tanpa lari.

— Inggih leres manoengsa menika saged njadé soekmanipoen (ingkang lepat ing pedjah menika) dateng poen sétan; nanging menika rak ndjalari kasangsaran langgeng.

— Béda kalijan masrahaken soekmanipoen dateng Dèwi Marijah! Tanpa witjalan kaṭahing pigoena rohani ingkang mbloedag saking ngrikoe; langkoeng-langkoeng menawi pasrah waoe saben dinten kaénggalaken klajan katoememaning manah madjeng.

— Sawidji-widjining soekma ingkang kapasrahaken dateng Dèwi Marijah, menika sadinten-dintenipoen tumpi sih kaṭah, awarni: pepadang, katresnan lan kasantosan. Kedjawi menika Sang Dèwi saben dinten mangertosaken djiwa koela dateng wewadosing gesang noenggil para Soetji; menika saja mindak-mindak tjeṭa. Samangké jèn ingkang pasrah waoe manoengsa sadjagad-erat, toer dateng Sang Paneboes lantaran Dèwi Marijah pijambak, wohipoen menapa boten saja sakelangkoeng kaṭah?

— Saladjengipoen: gèk sapinten kémawon agenging toemandjanipoen pasrah mekaten menika, saoepami tijang Katoelik sadjagad-erat goemolong dados satoenggal; ngempal wonten ing altar, kalijan sembahjang mantep ambal-ambalan kados mekaten menika!

S. Dr.

MANGRASOEL KRIDA SARA-NA SEMBAHJANG.



Oedjoeb oemoem kanggé woelan Septèmber 1938.

Moegi para wandawa Katholieke kaparingana panger-tos wadjibipoen ndérék Mis Soetji ing dinten Ngahad lan dinten ageng.

Moegi sadaja wandawa Katholieke samia ndérék Mis Soetji ing dinten Ngahad. Sawetawis taoen ka-pengker pangagenging agami inq tanah Frankrijk lan Bélgie sami ada-ada moerih para warga ing kiتا-kiتا miwah ing doesoens-doesoen, boten mawi mawang pangkat

toewin dradjat, ageng-alit, sepoeh aném sami nroemaosana wadib ndérék Mis Soetji ing dinten Ngahad. Tanah sanésipoen inggih katih ingkang noelad toelaada menika.

Nglirwakaken dinten Pangéran menika ing atasing Goesti Allah sa-toenggiling pambaléla oetawi kaperoenaning manoengsa ingkang nggegrisi, mila para abritan ngoedi sanget sircanipoen noetjékaken dinten Ngahad. Ing poendi-poendi, langkoeng-langkoeng ing Frankrijk, Belgie, Spanje, Italia toewin Portugal para Vrijmetselaar anggénipoen tiwikrama nedya njirnakaken dinten Ngahad. „Saénipoen dinten Ngahad menika kanggé seneng-seneng lan ramé-ramé.“ Tjara kaoem Socialist saha Kominis mekaten: „Prajoginipoen grédjagrédjagréja kadajia ing dinten Minggoe sampoen ngantos isi, sarana tijang-tijang-ipoen katarika dateng sanès panggénan.“ Menapa malih djaman samangké, djaman modern, djaman oelah raga toewin andon lelana, noewoen inggih djaman bauver, pikiraning manoengsa sami katijo nganggé sport miwah toerisme, temah sanésipoen katingal peteng.

Menawi kirang tjetanipoen, koela atoeri mriksani margi ingkang ramé ing dinten Minggoe éndjing, mangké rak ladjeng priksa ombaking tijang modern slira-sliri, sanadjana ingkang ngaken Katholieke oetawi Kristen, sami moeroegi papan keraméan, mandar asring-asring pradja mbijantoe wontenipoen keraméan, lahiripoen maringi papan oetawi wekdal kanggé ngasokaken pikiran saha ngénggar-énggar manah. Mangka manawi kita manah saestoe, inggih menika ingkang dados djalaranipoen mléséd, mlorod sangsaraning manoengsa, margi krodaning kamérén datan kena dén sajoe: djoemedoel saking angga, angambah-ambra, angalad-alad lir kala nedya nggempoer donja, sengit angigit-igit nedya noempes lijan golongan, déning katingal mengsa. Tata soesila bibrah, risak ketawoer-tawoer, sadaja ngoegemi beneré déwé, boetoehé déwé. Margi saking moerang tata toewin kamipoeroenipoen njenjongah Pangéran ingkang nitahaken, manoengsa kéng walat sarta bendoening Goesti Allah ingkang djoemeneng Pangéran ingkang nitahaken samekawis, ingkang Maha Kwasa, temtoe kagoengan pangwaos ing atasipoen dinten Ngahad, ing mangka Pangéran moendoet soepados dinten Ngahad kasoetjékna. Sinten ingkang boten ndérék, temtoe baé kabontjang, kasiksa langgeng. Kersaning Pangéran kita kada-woehan ngaso, boten kepareng njamboet damel awrat, namoeng ndikakaken moeljakaken dinten Ngahad dintening Pangéran, dinten kanggé memedji miwah ngloehoeraken Goesti Allah, sarana sembahjangan toewin nindakaken pendamel saé, ngoengkoeli dinten sanès-sanésipoen. Toemraping wandawa Katholieke, Pasamoean Soetji paring anger-anger ndérék Mis ing dinten Ngahad sasaged-sagedipoen. Inggih ndérék Mis ing dinten Ngahad menika woedjoeding ngloehoeraken Pangéran. Tijang Katholieke toelén, ingkang ngakeni njata Katholieke, tertamtoe ndérék Mis ing dinten Ngahad, awit nroemaosi wadib, oetawi menika dados pratanda toelén. Déné ingkang boten netepi, nama Katholieke lapisan.

Goesti Allah boten mbetahaken ngloehoeraken dinten Ngahad, kita ma-noengsa ingkang mbetabaken dinten Ngahad kanggé kawiloedjenganipoen soekma kita ing donja ngriki doemoegining djaman langgeng. Wadib ngloehoeraken Goesti Allah ing dinten Ngahad, menika mbrekatikita pijambak

saanak sémah oetawi sabrajat, toer inggih moerakabi massarakat. „Moegi samia enget, wangsoelndérék Mis malih ing dinten Ngahad.“ Kanggé nggajoeh toedjoe menika tanah Belgie migoenakaken sarana werni-werni kanggé propaganda: rádio, wara-wara, serat ideran, sorot wara-wara (licht-reclame) konggrès-konggrès Isp. ing Minggoe éndjing, ngatoeri para wandawa Katholieke mlebet gréjja. Katih para kembang sami kagoegah, roemaos dipoen éngetaken nglampabhi wadjibipoen, Minggoe ndérék Mis Soetji.

Moegi-moegi aksi menika soemebara ing kiتا-kiتا, pađoesoenan-pađoesoenan ing tanah-tanah saindenging djagad lan tanah Djawi sampoen ngantos kantoon. Para sadérék ingkang ketoengkoel ngoedi sport oetawi mboedjeng kasenengan, énggala sami pinaringan enget, ngoedi kawiloedjenganing soekma sarana ndérék Mis ing dinten Ngahad. Para soemitriring Tyas Dalem Sri Jésoes ing woelan menika sami kađawoehan déning S.I.S.K. Santo Bapa saos pepoelih kondjoek Tyas Dalem, kanggé para sadérék ingkang sami nglirwakaken dinten Ngahad, sarana sembahjangan toewin toelada toemoet tjawé-tjawé ngadjengaken aksi djagadan: „Moegi samia wangsoel malih ndérék Mis Soetji ing dinten Ngahad.“

Oedjoeb Missie kanggé woelan Septèmber 1938.

Mangga sami njenjoewoenaken soeboering grijalola ing tanah Missie.

Para sedérék, kita temtoenipoen boten sami kekilapan, bilih Sang Kristoës kala roemijn paring dawoeh pangandika ngopéni para randa lan laré lola. Santo Pauloes mastani pitoeloengen waœe tindak kadarmen ingkang midjlsaking katesnan Kristen miwah tœkoeling pangibadah. Ing poendi-poendi ladalan ingkang tijangipoen boten nglampahi agami margi saking déréng tinarboeka, termatroe boten saged ngaosi soekmaning manoengsa. La inggih ing ngrikoe menika papanipoen kasrakat-kasangsaraning laré lola. Pating bloeloeng sabéng loeroeng, angon oelat ngoembar tangan, pating slebar soemebar sapoeroeg-poeroeg, ngriode amaning papan, kapiran-kapiroen boten wonten ingkang melasi. Saja ngeresaken malih katihipoin tijang sepoeh ingkang njébrataken anakipoen mboetjal miwah nggladi tjelika laré-laré, kelamprah kelambrangan dados kéré, boten kantenan tambang prantéanipoen. Wonten ingkang tinilar tijang sepoeh-ipoen margi kaparag ing sesakit, wonten ingkang tijang sepoehipoen kapoepoe ing paprangan margi nglabeti tanah woetah rahipoen, wonten oegi ingkang margi sebab warni-warni, nangng sedaja waœe boten kalebet penggalihanipoen para narapradja, dipoendjaraken kémawon. Menapa boten memelas sanget.

Mila ing poendi panggénan ingkang dipoen djégi, Missie ladjeng soroh slira dateng Pangreh Pradia, sagah nggoela wenyah laré lola, ingkang kapiran menika sagedipoen dados kawoela ingkang saé, asarana jasa grijalola pakem-palan kanggé laré lola, preloenipoen saged ngentas toewin mitoeloengi djiwa raganipoen.

Kinten-kinten samangké Missie kagoengan grijalola kalih éwoenan, isinipoen langkoeng saking 100.000. Déné ingkang pikantoe pitoeloengan negari namoeng sawetawis. Ing Tiongkok tjetjahipoen wonten 389, isi laré 25.000, ing India 407, isi laré 24.000; ing Afrikah 617 isi 30.000 kepara langkoeng.

Ing tanah Djawi ngriki Missie anggénipoen ngadani sampoen 125 taoen langkoeng, inggih menika grijalola ing Semarang ingkang roemijn pijambak, samangké saben kabiskopan wonten, wonten ingkang namoeng satoenggal, wonten ingkang kalih oetawi langkoeng; namoeng sadaja waœe kanggé laré-laré Indo, boten kanggé laré pribumi. Kanggé laré-laré Tiong Hwa miwah laré Pribumi, samangké sampoen doemoegi mangsanipoen dados panggalihanipoen Missie lan oegi sampoen dipoen wiwit.

Pangadjeng-adjeng kita pakarjan menika, ingkang midjil saking katesnan. Katholieke sageda widada soeboer moerakabi sadaja bangsa ing tanah ngrikoe, langkoeng-langkoeng ingkang toemrap bangsa kita ingkang mélok sékeng sanget, djalaran menika inggih dados marginipoen bangsa kita loemebet ing kraton Dale Sang Kristoës.

Kaleresan sanget ing woelan menika kita kađawoehan njenjoewoenaken soeboering grijalola ing tanah Missie inggih tanah kita Djawi, tanah Tiongkok miwah Djepang, ingkang atoesan éwon mandar joetan laré-laré ingkang dadakan lola, déning sami kasamboet ing paprangan.

WOELAN SÈPTÈMBER 1938.

(Woelaning para Malaékat).

2. Dj. Kl. — **Dj. I. S. Stephanoes**, *S. ratoe Honggar*. Ingkang ngatoelikaken tijang - tijang Honggar kasar-kasar kala djaman roemijin. Tanggal menika ing tn: Honggar ing kita Boedapest pista ageng - agengan mèngeti 1000 taoenipoen, 1038 — 1938.
4. Ah. P. — **Ah. XIII Pènt**. *Serat Gal 3: 16—22*. Loehoering kaadilan menika medal saking Pengandel pitados dateng Sri Jésoes, boten kok margi Koekoem-Kina; menika rak mandar moeroegaken kātah tijang nerak. *Indjil Loek. 17: 11—19*. Goesti mantoenaken tijang - tijang sakit boedoeg.
8. Km. L. — **Wijosan D. Sang Dèwi**. Pangalembana dateng Sang Dèwi (Masmoer 44: 2) anggènipoen djoemeneng Iboe D. Allah - manoengsa. Kg. Iboe saèngga Bangbang - Wétan langkoeng déning éndah lan soelistya. *Serat Kawitjaksanan 8: 22—35*. Sang Kenja wiwit djaman kelanggengan pisan mila sampoen ginadang - gađang tjalon dados Iboe D. Sg. Pamarta. *Indjil*.
9. Dj. P. — **S. Pétröes Claver**. Rasoeeling bängsa Néger; mitranipoen S. Alphonsoes Rodrigès Broeder S. J. soetji. Maëwoe - èwoe tjetjahing tijang Néger ingkang mertobat dipoenkatoelikaken satoehoe.
11. Ah. W. — **Ah. XIV Pènt**. *Serat Gal. 5: 16—24*. Roh lan daging menika tansah memengsahan. Pakarjaning daging dalah pepénginanipoen kedah dipoenbrantas, dipoenjénékaken saëstoe, moerih sampoen mambeng-mambengi lampah dateng kamoersidan *Indjil Mat 6: 24—33*. Manoengsa tinitahaken, kedah soewita ing Pangéran; boten kok njoewita donja. Kadonjan menika boten widada.
12. Sn. Kl. — **Asma D. Sang Dèwi I. Soetji**. Soemebaripoen rijadi menika wiwit t. 1683; kawradinaken ing sadjagad Katolik déning I. K. S. Bapa Innocentioes XI; minangka atoer panoewoen, déns kita Wénen ing Oestria loewari saking bebaja pangrénahing bangsa Toerki — *Serat Eccli 24: 23—31* Sang Dèwi Soelistya, moerni. soegih kaoelamèn lan kasoetjian. *Indjil Loek 1: 26—38*. Malaékat Gabriel sowan Sg. Dèwi, martosaken tjalon poeta D.
14. Rb. P. — **Adeging Salib D. Sg. Kristoes**. *Indjil Jo. 12: 31—36*. menawi Goesti sampoen ndaplang pinentang, menika saged ngrangkoel ngempalaken soekma-soekma, kadadosaken kekasih D. Salib menika margining Kamoeljan sedjati. Ingkang soegih salib lan kaangkat krana Sg. Kristoes, menika djan tijang pinoendjcel ngganteng saëstoe.
15. Km. Pn. — **Kasekelan D. Sg. Dèwi 7 prekawis**. (Zie: T. D. Pébroewari 1938 katja. 33). S. Siméon sampoen metjakaken bab waoe — mila mekaten! kekasih D. G. Allah menika malah soegih kasangsaran wonten ing donja, moerih loehoeripoen wonten ing Soewarga. — mangga sami ndérék Kg. Iboe!
17. St. Kl. — **Labet D. Goesti toemandjeming sliranipoen S. Fransiskoes Assisi**. Menika sanépaning katusnan linangkoeng dateng Sang séda sinilib, ngantos Goesti maringi pratanda katusnan miroenggan: i. m. labeting djadja, asta lan Sampéjan D. Para linoehoeng sanèsipoen ingkang pikanteuk wahjoe mekaten waoe, oep: S. Lidwina ing Schiedam, Thérésia Neumaan.
18. Ah. L. — **Ah. XV Pènt**. Roh D. Sang Kristoes menika mbloedagaken katusnan. Katusnan ingkang ndajani ageng sanget toemrap gesang kita ing samoekawis. *Serat Gol 5: 25—26; 6: 1—10*. Katusnan dateng sesami, samad - sinamadan, loeng - tinoeloeng. Gesang kita

menika saësta taneman: saged panénan kātah oetawi sekédik warni-warni pangreksa kita.

Indjil Loek. 7: 11 — 16. Djaka Naïm kagesangaken Goesti. Sri Jésoes tresna lan palimirma satoehoe dateng soekma-soekma ingkang pedjah oetawi ketaton lebet srana kawaloejakaken.

21. Rb. W. — **Q. T.; S. Matéjoes**. Rasoeel, Png. Indjil: kapéta manoengsa (S. Marcoes - singabarong; S. Loekas — lemboe; S. Johannes - peksi woe-loeng).

23. Dj. L. — **Q. T.; S. Linoes**, paoes, m.

24. St. P. — **Q. T.; Sang Dèwining réntjang-toembasan**, menika kanggé moeljakaken Sang Dèwi djoemeneng Pangajomaning pakempalan nglowari réntjang toembasan saking tanganipoen bangsa Islam (sarasin); pak. waoe kaedegaken déning S. Pétröes Nolaskoes lan 'Raimoendoes Pénfort. (23. Januari).

25. Ah. Pn. — **Ah. XVI Pènt**. *Serat Eph. 3: 13 — 21*. Para kadang katholiek kebombong S. Paoeloes, moerih santosa gesangipoen katoelik; mindak-mindak aspoera ngempéri dading Pangéran. *Indjil Loek. 14: 1 — 11*. Sri Jésoes mantoenaken tijang boesoeng; moelang andap-asor lan prekawis Sabbat-an.

29. Km. P. — **Berkahan gréđja S. Michaël**. *Serat Apol. 1: 1 — 5* Joannes medang S. Johannes medaraken temboeng kawaskiyan. *Indjil Mat. 18: 1 — 10*.

30. Dj. Pn. S. Hieronimoes,, i.s poedj. 420 Betlekém. Mertal „Vulgata“ (*Kitab Soetji* jasanipoen tijang Jahoedi pinter² 7.

NOELOENGI SOEKMA.

Wong kang nedya NGLOEWARAKÉ SOEKMANING LIJAN saka geni-pangresikan ikoe koedoe wis kebangkat ngedohaké soekmané déwé saka naraka disik. (S. F. Xav. B. 1,serat 2).

Ngloewaraké soekma saka pakoadjaran kebak kasangsaran ikoe, pantjén dadi pratandaning katusnan sedjati. Nanging pratanda maoe saja loewih gedé manéh, manawa wong ngedohaké soekma saka siksining naraka. Anané mangkono, djalaran saka siksa ing geni-pangresikan ikoe ora langgeng; bareng siksa naraka wis ora ana wangenané. *Apa ta goenané, poeloe ndarbènana donja saisiné kabèh pisan, jén bakal kapitoenan soekmané; karo manéh apa ta kang kena kanggo ngidjoli ilanging soekmané?* Jén wong wis kebandjoer kélangan banda gedé ikoe maoe, wis ora kena didandani manéh srana gawé karahajoning lijan.

Soekma-soekma ing geni-pangresikan ikoe loewih begdja tinimbang kowé, merga wis ora kesamaran jén nemoe beba. Bareng kowé isih rinoeboeng ing beabajaning dosa. Soekma-soekma maoe wis tjéta bakal tampa katusnaning Allah kang linoewih, toer w's ora bisa dosa; sarta tansah saja èntèng bebaloehaning kaloepoetané. Bareng kowé jén doeroeng oléh Wahjoe, doeroeng karoewan jén bakal maris katusnan Dalem ing djaman ngakir. Kadjaba ikoe saben dina isih bisa nglakoni dosa lan kaloepoetan, toer ngoendak-oendaki aboting siksining kaloepoetanmoe. (no. 307.)

K. S. Bapa paring pangandika dateng para bijoeng.

Salebeting pisowanani poen para bijoeng saking poendi-poendi ing satanah Itali wonten ngarsanipoen K.S. Bapa, ingrikoe K.S. Bapa ngendikakaken bab kasoetjian sarta agenging tetanggelan ipoen tijang dados bijoeng, kirang langkoeng mekaten: „Saben botjah ikoe kena diarani dadi pretandané barkah. Dalem Goesti Allah, awit doewé soekma lan soekma maoe dipasrahaké marang bijoeng, Jén oewong pada oewong, anggoné ngatonaké gedéning pamitrané srana kanda: „Akoe pretjaja karo kowé; mengkono oega Goesti Allah anggéné ngatingalaké goenging pamitran- lan tresna-dalem jaikoe srana masrahaké anak marang bijoeng. Goesti Allah kaja-kaja ngendika: „Akoe pretjaja karo kowé, moelané kowé takpasrahi soekma iki.” Déné jén kowé arep ngreti sepira gedéning adjiné soekma, ngélingana menawa Sang Kristoes, Allah Hjang poetra pribadi, wis karsa nandhang sangsara kang anggegirisi lan séda kasijasat ana ing pamenongan krana soekma.”

Pangandika adi loehoer! Pantes sanget medal saking toetoekipoen K.S. Bapa, sesoelih Dalem Sang Kristoes lan Ramanipoen oemati Katolik ing saloemahing djagad.

R. I. P.

Ngatoeri priksa doemateng para kadang kawanoehan bilih anak koela ingkang nomer sekawan, nama SIRILUS SOEPRIJADI, nalika tanggal kaping 4 Augustus 1938 tilar wonten ing Hospitaal Moentilan, wantji djam 5 éndjing, kakoeboer ing Ngawén. Ingkang poenika koela matoer noewoen sanget doemateng:

- a. Padoeka R. P. A. Spékle ingkang sampoen kersa paring berkah.
- b. Zusters saha verpleegsters langkoeng-langkoeng bendaro Dokter, ingkang sampoen ngoepakara anak koela.
- c. Br. Soeparna, Br. Martawidada toewin Br. Hardja ingkang paring sembahjangan nalika pangoeboripoen.
- d. Sadérék C. Martasiswaja ingkang sampoen kersa nampi karépotanipoen.
- e. Pangreh P. L. toewin para poetri ing Koplak ingkang sampoen kersa njekapi peți, dalah oebarampénipoen. Saha para kakoeng ingkang ngoentabaken saha paring sembahjangan ngantos doemoegi koeboer.

Ingkang poenika koela sabrajat boten badé kasoepén doemanteng katesnan pandjenengan.

Moegi Pangéran kersaa maringi piwales sadaja waoe,

Koela sabrajat
Mc. J. Darmawinarsa
Ngawén.

Nihil obstat
R. v. THIEL S.J.

CANISIUS - DRUKKERIJ

Kampementstr. 24 - DJOKJA - Tel. 701.

Poenika ADRÈS kanggé kabetahanipoen
LARÉ SEKOLAH.

Tansah sedija

SABAK - GRIP - POTLOT - KARËT
MANGSI - PÈN - GARISAN Isp.

SCHRIFTEN mawi garisan modèl warni-warni,
dlantjangipoen pilihan.

Mangga énggal kaboektèkna!

PATI ITOE DATANGNJA SEBAGAI PENTJOERI DITENGAH MALAM.

Apakah toean soedah memikirkan keadaan isteri dan anak toean, kalau PATI itoe mendatangi toean?

KESENGSARAAN DAN KEMLARATAN

R. K. O. L Mij. Roekti Woeri mendjaga
KESLAMATAN DAN KESEDJAHTERAAN AHLI,
jang haroes toean tinggalkan.

Mintalah keterangan pada :

BESTUUR

R. K. O. L. Mij. ROEKTI-WOERI
Ngabeaanstraat No. 9 Djokja.

Poenapa pandjenengan sampoen
lengganan

„SWARA - TAMA”?

Regi MIRAH: namoeng f 1,20
3 woelan !!

Mawi lampiran koran kanggé para poetra

„TAMAN-POETRA”

GRATIS!

Koela atoeri énggal ngintoenaken postwissel
dateng :

Administratie „SWARA-TAMA”
Bintaran Kidoel
DJOKJAKARTA.

Ingkang lengganan wiwit sapoenika, tampi
SWARA-TAMA doemoegi wiwitaning woelan
ngadjeng kanti lelahanan.